«TASTÍYÍQLAYMAN »
Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik
pedagogikalıq instituti rektorı
_________ A.T.Ubbiyev
«___» ________ 2025-jıl

**Texnikumlardı tabıslı tamamlaǵan pitkeriwshiler menen joqarı oqıw orınlarına oqıwǵa kiriw imtixanındaǵı sáwbet sorawlarınıń**

**BAHALAW KRITERIYALARÍ**

Talabanǵa tómendegi temalar boyınsha hár birinen bir danadan soraw beriledi hám ulıwma maksimal 100 ballǵa deyin bahalanadı. 67 hám onnan joqarı ball toplaǵan talaban sáwbetten ótken esaplanadı.

| № | Temalar | Maksimal ball |
|---|---|---|
| 1 | Mámlekette óz tarawına tiyisli ámelge asırılıp atırǵan reformalardıń mánisi hám áhmiyetin túsiniw boyınsha: | 25 |
| 2 | Bakalavriat tálim baǵdarın tańlawda motivatsiya (taraw kásibiniń mánisi jáne sociallıq áhmiyetin túsiniw, oǵan turaqlı qızıǵıwshılıǵın kórsetiw) boyınsha : | 25 |
| 3 | Jeke-kásiplik ózgeshelikler (oqıwǵa qábileti, kásiplik wazıypalardı sheshiwde ámeliy iskerlik, ıntızamlılıq, awızbirshilik, juwapkerlilik, qarar qabıllawda ǵárezsizlik dárejesi, jeke tabıslarınıń bar ekenligi, sonıń menen birge, óz ústinde islew hám dóretiwshilik qábiletleri) boyınsha: | 25 |
| 4 | Tańlaǵan bakalavriat tálim baǵdarı tarawındaǵı bilim hám kásiplik kónlikpelerdiń bar ekenligi boyınsha : | 25 |
| | **Jámi** | **100** |

**Berilgen sorawlarına talabannıń juwabın bahalaw kriteriyası**

| № | Bahalaw kriteriyaları | Ball |
|---|---|---|
| 1 | Qoyılǵan sorawǵa talaban tárepinen tolıq maǵlıwmat berilip, tema haqqında sanalı bilimler kompleksi kórsetilse hám temanıń tiykarǵı qaǵıydaları isenimli túrde ashıp berilgende. Juwapta anıq struktura hám de ashılǵan túsinikler, teoriyaler hám hádiyselerdiń mánisin sáwlelendiriwshi logikalıq izbe-izlik kórsetilgende. Juwap ádebiy tilde pán kóz-qarasınan ańlatqanda. Bunda túsiniklerdi ańlawda, juwap beriw procesinde talaban tárepinen ǵárezsiz túrde dúzetilgen qáteler bolıwı múmkin. | 22-25 |
| 2 | Sorawǵa tolıq juwap berilip, temanıń tiykarǵı qaǵıydaları anıq ashıp berilgende. Juwapda anıq struktura hám de ashılǵan túsinikler, teoriyalar hám hádiyselerdiń mánisin sáwlelendiriwshi logikalıq izbe-izlik kórsetilgende. Juwap ádebiy tilde pán kóz-qarasınan ańlatqanda. Juwapta sáwbet komissiyası aǵzaları járdeminde talaban tárepinen dúzetilgen kemshilikler bolıwı múmkin. | 18-21 |
| 3 | Jetkiliklishe tolıq hám jetkiliklishe maǵlıwmat berilmegende. Juwaptıń logikalıqlıǵı hám izbe-izligi buzılǵanda. Túsiniklerdi ashıwda, atamalardan paydalanıwda qátelerge jol qoyılǵanda. Talaban áhmiyetli hám áhmiyetli bolmaǵan ózgesheliklerdi, sebep-nátiyje qatnasların ǵárezsiz túrde anıqlay almaǵanda. Talaban sóylewinde dúzetiwler talap etilgende. Ol ulıwmalastırılǵan bilimlerdi konkretlestiriwde hám olardıń tiykarǵı qaǵıydaların tek oqıtıwshı járdeminde mısallar menen dálillewi múmkin. | 14-17 |
| 4 | Talaban soraw teması boyınsha táriyplerde sezilerli qáteler bolǵan durıs emes bilimlerdi ańlatiwshı tolıq bolmaǵan juwap bergende. Durıs emes yamasa logikalıq sáykes kelmegen pikirlerdi keltirgende. Sorawdaǵı tiykarǵı túsinik, teoriya hám hádiyselerdi basqaları menen baylanıslılıǵın túsinbese. Juwmaq, konkretlestiriw hám qaǵıyda hám de processlerdiń tastıyıǵı ámelde bolmasa. Dárejesin salıstırǵanda tómen sóylewge iye bolǵanda. Sáwbet komissiyası aǵzalarınıń qosımsha hám anıqlawshı sorawları talabannıń tekǵana berilgen sorawǵa, bálki tema boyınsha basqa sorawlarına da qanaatlandırarsız juwap bergende. | 0-13 |

**Qabıllaw komissiyası juwaplı xatkeri** **A.Berdibaev**